# Шуточная

**Аьнгали бошхепа к1айн киса диллина и дитта г1ура ю,
Дари-да-да-да и дитта г1ура ю, дари-да-да-да.
К1айн киса ва эцна, шовдане хьо яхча, сирчу дина ва хиъна,
Со т1ехьа вог1ур ву, дари-да-да-да, со т1ехьа вог1ур ву, дари-да-да-да.**

**Сирчу дина ва хиъна, хьо т1ехьа ва веъча, хичуьра ч1ара ва хилла,
Со хи чу лечкъар ю, дари-да-да-да, со хичу лечкъар ю, дари-да-да-да.
Хичуьра ч1ара ва хилла, хьо хи чу ва яхча, йоьза ма1ар ва бохьуш,
Хьо лаца со вог1ур ву, дари-да-да-да, хьо лаца со вог1ур ву, дари-да-да-да.**

**Йоьза ма1ар ва бохьуш, со лаца хьо веъча, сийна кхокху ва хилла,
Со стигал ера ю, дари-да-да-да, со стигал ера ю, дари-да-да-да.
Сийна кхокху ва хилла, хьо стигал ва елча, 1аьржа марха ва хилла,
Со дуьхьал вог1ур ву, дари-да-да-да, со дуьхьал вог1ур ву, дари-да-да-да.**

**1аьржа марха ва хилла, хьо дуьхьал ва веъча, берца кана ва хилла,
Со лаьтта яьржар ю, дари-да-да-да, со лаьтта яьржар ю, дари-да-да-да.
Берца кана ва хилла, хьо лаьтта ва 1аьнча, бероза н1аьна ва хилла,
Хьо лахьо х1уттур ву, дари-да-да-да, хьо лахьо х1уттур ву, дари-да-да-да.**

**Бероза н1аьна ва хилла, со лахьо хьо веъча, деза дари ва хилла,
Со туьканчу юьжур ю, дари-да-да-да, со туьканчу юьжур ю, дари-да-да-да.
Деза дари ва хилла, туьканчу хьо йижча, деши ахча ва дохьуш,
Хьо эца со вог1ур ву, дари-да-да-да, хьо эца со вог1ур ву, дари-да-да-да.**

**Деши ахча ва дохьуш, со эца хьо веъча, шийла дакъа ва хилла,
Со кашчу йуьжур ю, дари-да-да-да, со кашчу йуьжур ю, дари-да-да-да.
Шийла дакъа ва хилла, хьо кашчу ва йижча, к1айн марчо ва хилла,
Со хьоьха хьаьрчар ву, дари-да-да-да, со хьоьха хьаьрчар ву, дари-да-да-да.**

**Со езаш хьо хилча, дари-да-да-да,
Со хьоьга йог1ур ю, дари-да-да-да.
Ас хьо йуьгур ю, дари-да-да-да,
Вайша цхьаьна дехар ду, дари-да-да-да.**
**} 2 раза**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)